



Pou Piblikasyon Imedya: 10/08/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KONSTRIKSYON PRAL KÒMANSE NAN
DEVLOPMAN LOJMAN ABÒDAB KI KOUTE 86 MILYON DOLA NAN BRONX**

***Baez Place pral kreye 154 nouvo apatman abòdab nan Claremont, ki gen ladan
86 avèk sèvis sipò pou moun ki sanzabri yo***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a kòmansman konstriksyon Baez Place, yon devlopman lojman abòdab ki koute 86 milyon dola nan seksyon Claremont nan Bronx. Baez Place pral gen ladan 154 kay abòdab, ki gen ladan 86 avèk sèvis sipò sou plas pou moun ki sanzabri yo.

"N ap atake ensekirite lojman ak sitistasyon sanzabri a davans avèk pwojè sa a ki pral founi kay bon kalite ak abòdab pou Nouyòkè yo", **Gouvènè Hochul te deklare.**

"Devlopman sa a nan Baez Place nan Bronx pral leve tout kominote a avèk plis pase 150 inite lojman ak sèvis konplè pou granmoun aje yo ak moun ki sanzabri, dènye efò nan plan lojman 25 milya dola nou an pou debloke opòtinite epi bay fanmi yo yon kote ki sekirite ak estab pou rele lakay yo".

Baez Place fè pati gwo plan Gouvènè Hochul pou rann lojman pi abòdab, ekitab ak estab. Nan Bidjè Eta Ane Fiskal 2023 a, Gouvènè te prezante ak reyisi jwenn yon nouvo plan lojman konplè sou senk ane k ap koute 25 milya dola ki pral ogmante rezèv lojman an gras a kreyasyon oswa prezèvasyon 100,000 kay bon mache nan New York, sa gen ladan 10,000 avèk sèvis soutyen pou popilasyon frajil yo, plis elektrifikasyon yon lòt 50,000 kay.

Baez Place genyen 105 apatman yon sèl pyès, 21 ki gen yon sèl chanmakouche, 22 ki gen de chanmakouche ak sis ki gen twa chanmakouche. Apatman yo pral nan pri ki abòdab pou fwaye k ap touche ant 30 ak 80 pousan Revni Mwayen Zòn (Area Median Income, AMI) nan.

Sèvis sipò ak sibvansyon lwaye yo pral finanse atravè Inisyativ Lojman Sipò Empire State ke Biwo Sante Mantal Eta New York ap administre.

Community Access Inc., pwomotè pwojè a tou, pral founi sèvis sosyal sou plas ki pral gen ladan konsèy endividyèl, gwoup oto-èd, aktivite gwoup estriktire, sèvis rediksyon

danje, lyen avèk founisè sante mantal ak swen sante kominotè, èd nan jesyon medikaman ak referans nan travay.

Sèvis adisyonèl yo ki te konsantre sou lokatè granmoun aje yo pral gen ladan sipò endividyèl ak lyen nan sèvis yon Granmoun Aje devwe bay, ak sèvis swen prensipal sou plas yon doktè oswa yon enfimyè pratikan bay nan kad kontra ak Community Access.

Ekipman rezidansyèl yo nan Baez Place pral gen ladan yon sal kominotè ak yon kwizin komèsyal, sal òdinatè, sal lesiv, sal egzèsis ak sekirite biwo 24/7. Chak apatman pral ekipe avèk aksè gratis nan entènèt wo debi. Rezidan yo pral gen opòtinite pou yo patisipe nan agrikilti iben nan espas vèt deyò a ak nan yon sè ki sitiye nan dènnye etaj bilding lan.

Zòn katye ki nan vwazinaj toupre devlopman an ofri yon melanj divès pak ak espas lwazi, kote pou adore, enstalasyon swen sante, lekòl, ak divès kalite restoran. Sit la adjasan ak Pak Richman (Echo) nan nò ak toupre estasyon otobis MTA yo, estasyon tren pou liy B ak D yo, ak estasyon Tremont liy Metwo North Harlem lan.

Finansman Eta pou Apatman Baez Place enkli 17.6 milyon dola obligasyon pèmanan ki gen egzanpsyon fiskal, Kredi Enpo Federal pou Moun ki Gen Revni Ba ki pral jenere 38.7 milyon dola nan fon pwòp ak 12 milyon dola nan sibvansyon ki soti nan Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York. Biwo Asistans Tanporè ak Andikape (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) Eta New York la pral bay 7 milyon dola atravè Pwogram Asistans ak Lojman pou Sanzabri (Homeless Housing and Assistance Program, HHAP) li a.

Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote a, RuthAnne Visnauskas, te deklare, "Baez Place kontinye pouswit nou pou ogmante rezèv lojman abòdab nan Bronx lè li ajoute 154 apatman nan yon bilding ki fèt pou bay yon anviwonman konfòtab ak aktif pou fanmi, granmoun aje, ak moun ki gen difikilte avèk sitiyaasyon sanzabri. Devlopman inovatè sa a montre angajman Gouvènè Hochul pou l envesti nan lojman ki pa sèlman abòdab, men tou ki amelyore lavi rezidan yo nan ofri entènèt gratis, anpil espas deyò, ak aksè nan transpò piblik, lekòl, ekipman ak swen sante. Epi, avèk èd patnè nou yo nan Community Access Inc., Baez Place gen kapasite pou transfòme lavi yo epi bati yon kominote ki pi solid ak pi reyisi".

Komisè Biwo Asistans Tanporè ak Andikap la, Daniel W. Tietz, te deklare, "Nouyòkè yo ki gen yon maladi mantal grav souvan jwenn tèt yo ak fanmi yo ap fè fas ak enstabilite lojman akòz kondisyon yo. Lojman sipò pèmanan, tankou plizyè douzèn nouvo inite Baez Place pral ofri byento, pral bay sèvis moun ak fanmi sa yo bezwen pou rete loje an sekirite nan yon anviwonman endepandan. Efò kontinyèl Gouvènè Hochul pou elaji lojman sipò pèmanan nan tout eta nou an demontre detèminasyon li pou asire tout Nouyòkè yo gen aksè nan kay ki an sekirite ak bon mache".

Komisè Biwo Sante Mantal, Ann Sullivan, te deklare, "Plan lojman istorik Gouvènè Hochul ak angajman li pou lojman sipò yo te bay plizyè milye Nouyòkè k ap viv ak maladi mantal kay ki an sekirite epi ki estab, ki se yon eleman enpòtan anpil nan rekipasyon yo. Baez Place pral yon bèl adisyon nan katye Mount Hope, epi li pral bay moun ki vilnerab nan Bronx yo opòtinite pou yo viv ak pwospere nan pwòp kominote yo".

Senatè Eta a, Gustavo Rivera te deklare, "Inogirasyon Apatman Baez Place nan Mount Hope reprezante yon adisyon ki nesèsè anpil nan pak lojman abòdab nan Bronx. Nouvo devlopman sa a pral bay granmoun aje ki resevwa Medicaid yo ak moun ki san kay yon kote ki abòdab, dirab pou viv pandan y ap konekte yo ak sèvis sipò enpòtan yo. Mwen felisite Eta a ak patnè san bi likratif yo paske yo travay ansanm epi investi nan pwojè lojman enpòtan tankou sa a pou Bronx".

Manm Asanble Yudelka Tapia te deklare, "Sitiyasyon sanzabri akòz mank lojman abòdab ak maladi mantal se yon gwo kriz nan Vil New York. Avèk plis pase 90,000 gason, fanm ak timoun nan Eta New York k ap viv sanzabri, sa se yon kriz imanite kolosal ki bezwen aksyon imedyè. Nouvo devlopman lojman abòdab ak sipò sa a pral sèvi yo, fanmi nou yo ki gen revni fèb, moun k ap viv ak maladi mantal, ak granmoun aje, popilasyon ki pi vilnerab nou an. Mèsi ak Community Access, pou angajman ak devouman li pou sèvi moun ki pi gen bezwen nan kominote nou yo. Baez Place ak 154 inite apatman li yo vini pou ofri kèk fòm espwa pou tout moun ki bezwen asistans".

Prezidan Minisipalite Bronx, Vanessa L. Gibson te deklare, "Defann lojman abòdab ki benefisye tout Nouyòkè yo se yon priyorite prensipal nan Administrasyon mwen an epi nou kontan dèske devlopman Baez Place la koresponn ak modèl sa a pou pote ekite lojman ak jistis bay moun ki plis bezwen li. Avèk 154 inite, 86 rezève pou Nouyòkè ki sanzabri, nou kapab sèten rezidan ki pi vilnerab nou yo pral gen aksè kounye a nan anviwònman pou viv ki an sekirite, pwòp ak an sante nan minisipalite nou an. Mwen vle remèsye Community Access, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York, ak tout lòt moun ki enplike nan pèmèt pwojè sa a reyalize epi pou batay pou ekite lojman".

Direktè Egzekitif Jeneral Community Access, Cal Hedigan, te deklare, "Nou fyè anpil pou nou kòmanse konstriksyon Baez Place, 21yèm devlopman lojman abòdab ak sipò Community Access nan vil la -- ak 10yèm devlopman lojman nou nan Bronx. Kòm nou te rekonèt nan 2+ dènye ane COVID sa yo - gen yon kay ki estab se yon eleman esansyèl nan byennèt endividyèl. Pou moun ki pa gen kay, sa ka vle di diferans ant lavi ak lanmò. Baez Place pral mennen nou yon pa pi pre objektif anbisye devlopman imobilye nou pou devlope 1,000 nouvo inite lojman abòdab ak sipò. Nou bat bravo pou angajman Gouvènè Hochul paske li adrese kriz lojman abòdab New York la".

###